



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN NAN PWOJÈ REZILYANS LONG ISLAND POU PWOTEJE KOMINOTE YO KONT KONDISYON METEYOLOJIK EKSTRÈM**

*Gouvènè Hochul ak Fonksyonè Eta yo evalye domaj nan plaj la epi pran mezi pou repare domaj sou rivaj la*

*Angajman Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal 2 milyon dola pou sipòte reparasyon nan plaj Overlook ak pwojè rezilyans yo*

*3 milyon dola pou sipòte pwojè estabilizasyon ak ravitayman bò lanmè Konte Suffolk nan kominote Fire Island yo*

*Reparasyon akselere enfracstrikti ak ranplasman sab nan Pak Eta Gilgo*

*Foto toune Gouvènè Hochul nan plaj Overlook yo disponib [isit la](#); B-Roll disponib sou YouTube [isit la](#) ak sou televizyon sou fòm (h.264, mp4) [isit la](#)*

Aprè dega gwo tanpèt la ak ewozyon nan zòn kotyè ki repete yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, investisman kle nan rezilyans pou estabilize kominote yo kont ewozyon bò rivaj ak kondisyon klimatik grav ke chanjman klimatik la lakoz epi kontinye ankouraje Enjenyè Kò Lame Etazini (U.S. Army Corps) yo pou fè reparasyon ki pi konplè nan pwojè bò kot ki domaje li yo. Nouvo finansman Eta a pou komin Babylon soti nan Lwa istorik sou Obligasyon Anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) 4.2 milya dola a, yon nouvo patenarya ak Konte Suffolk pou bò kot Fire Island, ak amelyorasyon ki enpòtan anpil pou pwoteje aksè nan Pak Eta Gilgo a, ap amelyore kapasite resous sa yo apre move tan ekstrèm, ogmantasyon nivo lanmè a, ak lòt defi chanjman klimatik ki afekte rejyon an. Gouvènè Hochul te fè anons sa apre yon toune nan Plaj Overlook nan Komin Babylon, kote Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation Commissioner, DEC), Basil Seggos, Chèf Egzekitif nan Konte Suffolk, Ed Romaine, Sipèvizè Komin Babylon, Rich Schaffer, ak Prezidan Asanble Lejislatif Konte Suffolk la, Kevin McCaffrey te rejwenn li.

"Kominote Long Island yo twò abitye ak destriksyon ke move tan ekstrèm yo lakoz," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplis aksyon New York pou konbat chanjman klimatik

la, n ap pran mezi pou asire ke kominote, kay ak enfrastrikti nou yo rezistan epi y ap reziste kont tanpèt k ap rive kounye a yo. Mwen angaje pou kontinye fè patenarya ak Kò Lame ak fonksyonè lokal yo pou pwoteje Long Island."

Pwojè yo anonse jodi a ap ede repare domaj bò rivaj yo, pwoteje kominote ak resous lwazi enpòtan yo kont evènman meteyolojik grav, epi kreye djòb ki ranfòse ekonomi lokal yo. Eta New York ap bay komin Babylon 2 milyon dola atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la pou pwoteje enfrastrikti pak ki egziste nan Plaj Overlook komin nan Cedar Beach. Paviyon plaj la ak espas pou jwe a aktyèlman an danje dlo k ap pote ale nan lanmè a. Finansman an ap ede sipòte elevasyon paviyon an epi anpeche teren jwèt ak lòt resous lwazi yo domaje nan tanpèt alavni yo ak ewozyon plaj la.

Eta New York ap fè patenarya tou ak Konte Suffolk epi bay 3 milyon dola pou sipòte lòt ravitayman nan plaj la pou pwoteje imedyatman kominote nan lès Long Island yo pi plis tankou Fire Island Pines ak Cherry Grove. Pandan reparasyon Kò Lame a nan pòsyon lwès Fire Island ap kontinye byen pou abòde dega ewozyon ki te kòmanse dabò an 2019, gen gwo risk ki rete pou yon lòt gwo tanpèt lakoz dega katastwòf siplemantè nan anpil kominote bò kot nan Konte Suffolk. Pa egzanp, nan kèk pòsyon nan kominote Pines yo, bann pwoteksyon an ale nèt, epi kay yo soumèt ak domaj dirèk vag yo.

Anplis travay ki pwograme pou fèt nan kominote Fire Island yo, Gouvènè Hochul, Depatman Prezèvasyon Anviwònmantral (DEC) Eta a, ak patnè lokal yo kontinye ankouraje Kò Lame a pou bay otorizasyon ki nesèsè pou repare lès Long Island. Nan kòmansman mwa sa, [Gouvènè Hochul te mande Kò Lame a' apwobasyon ki akselere pou demann asistans pou reyabilitasyon ijans Eta a](#) pou ede asire ke raparasyon yo kòmanse touswit pou restore pwojè rezistans kotyè ki pwoteje sekirite piblik la epi diminye risk gravite domaj alavni yo. New York te mande raparasyon ki akselere pa Kò Lame a nan kat pwojè bò kot: Antre Fire Island rive nan Antre Moriches; Antre Lwès Shinnecock; Antre Fire Island rive nan Rivaj Westerly; ak Anba lavil Montauk. Jodi a, Komisè DEC Basil Seggos ak lòt ofisyèl Eta ak ofisyèl lokal yo te rankontre ak lidè kominotè yo epi yo te vizite domaj ak pwojè restorasyon ki ankou yo.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la, Seggos, te deklare,** "Lè nou amelyore rezistans kotyè nan mitan chanjman klimatik la, sa mande pou nou met men ansanm, epi DEC a fyè pou travay ak Gouvènè Hochul, Konte Suffolk, ak Kò Lame a ak anpil patnè lokal pou sipòte reparasyon ak restorasyon apre tanpèt ki nesèsè epi ede fè prevansyon kont dega alavni. Ekspè nan kalite kot ak dlo DEC yo kontinye ap travay dirèkteman ak kominote atravè Long Island yo pou fè pwojè enpòtan yo avanse apre tanpèt devastatè sa yo, epi alokasyon plizyè milyon dola jodi a se yon lòt egzanp sèlman de angajman Gouvènè Hochul pou ede pwoteje kominote nan bò kot Long Island yo."

Anplis Plaj Overlook la, gouvènè a te anonse jodi a tou ke Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta a (State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ap antame eliminasyon debri nan sifas ki soti nan yon ansyen Estasyon Gad Kotyè nan [Pak Eta Gilgo](#). Debri sa yo te eskpoze pa ewozyon an apre twa gwo tanpèt nan

kòmansman sezon ivè sa. Netwayaj la ap rann plaj la pi sekirize pou amizman. Apre eliminasyon debri a, Pak Eta yo ap mete apeprè 50,000 mètr kib sab nan antre pak la ak nan lòt pwon aksè yo pou pare pou akomode vizitè pak yo nan dat 1ye avril, si kondisyon yo pèmèt li. Wanplis, travay sa ap ede fasilite yon pwòjè ke Kò Lame a planifye pou fouye Antre Fire Island a epi mete apeprè yon milyon mètr kib sab sou tout Pak Eta Gilgo a.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul pou ede kominote kotyè nou yo apre tanpèt fewòs sa yo. Se ekstraòdinè pou wè tout nivo gouvènman yo reyini ansanm rapidman pou ede fè kominote vilnerab sa yo pi rezistan kont enpak chanjman klimatik la."

**Senatè Eta a, Dean Murray te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip pou atansyon imedyata li a sitiyasyon danjere ke n ap fè fas akòz divès tanpèt ki te frappe Long Island pandan semèn ki pase yo. Mwen pa ka tann pou travay avèk li ak patnè federal ak ofisyèl lokal nou yo pandan n ap kontinye abòde sa ki te tounen yon sitiyasyon ijans nan Fire Island ak kominote bò rivaj lokal nou yo."

**Manm Asanble Jarett Gandolfo, te deklare,** "Mwen rekonesan ke Gouvènè a rekonèt enpòtans pou estabilize kominote bò kot yo epi investi nan pwoteksyon rivaj nou yo kont ewozyon rapid k ap kontinye a. Avèk tanpèt agresif k ap kontinye yo, Long Island bezwen kalite investisman ak sipò sa kounye a epi plis ke jamè. Nouvo pwoteksyon sa yo ap kontribye anpil nan pwoteksyon kominote kotyè ki vilnerab nou yo."

**Egzekitif Konte Suffolk la, Ed Romaine, te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Hochul pou aksyon li pou pwoteje plaj ak kominote bò dlo nou yo. Chak ane nou fè fas ak tris reyalyte a ke n ap pèdi plis nan bò rivaj nou an, k ap kreye yon ijans sekirite piblik pandan sa ap afekte plizyè milya nan lajan touris ke plizyè santèn milye vizitè k ap vizite plaj ak vilaj istorik ak peyizaj ki selèb sou plan mondyal nou yo jenere. Pwomès aksyon agresif Gouvènè Hochul pou konbat pwoblèm sa ap san dout ede nou prezève yon fason viv tout antye ki te pèsonifye Long Island pandan plizyè jenerasyon."

**Prezidan Asanble Lejislatif Konte Suffolk, Kevin McCaffrey te deklare,** "Sa plis pase restore plaj la. Sa konsènen pwoteksyon Ocean Parkway ak kontinan an depi Oseyan Atlantik la. Mwen kontan ke Eta NY ak Gouvènè Hochul te angaje resous pou estabilizasyon kominote Fire Island nou yo, repara Plaj Overlook, ak Pak Eta Gilgo. Etap sa yo esansyèl pou pwoteje Rivaj Sid la ak mod devi nou."

**Lejislatè Konte Suffolk, Dominick Thorne, te deklare,** "Konte nou an te eksperimante yon seri tanpèt ki te lakoz gwo dega nan divès kominote isit la nan bò kot prensipal la ak nan kominote Fire Island yo. Mwen twò kontan pou wè chak nivo gouvènman an ap travay ansanm pou repara epi asire rezilyans bò kot nou an. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou repons li ak apèl nou pou mande ed."

**Sipèvizè Vil Babylon Rich Schaffer te deklare,** "Nou rekonesan anpil anvan Gouvènè Kathy Hochul pou devouman ak angajman li pou pwoteje plaj Babylon yo. Investisman

nan rezistans ki anonse jodi a ap ranfòse kapasite nou pou reziste kont enpak meteyo ekstrèm yo, ewozyon bò kot, ak chanjman klimatik la. Investisman sa yo enpòtan anpil pou estabilize kominote nou yo epi asire dirabilite alontèm resous bò kot nou yo. Nou voye remèsiman sensè nou bay Gouvènè Hochul pou soutyen inebnanlab li pou sekirize rejyon nou an."

**Sipèvizè Komin Brookhaven, Daniel J. Panico, te deklare,** "Nan sa ki gen pou wè ak tanpèt, zile baryè a se premye liy defans pou kontinan an, kidonk nou remèsye Gouvènè a pou alokasyon resous sa yo pou kontinye restore. Men, nou dwe abòde pwoblèm sa antanke yon rejyon epi nou dwe mete fen nan sik bwouyaj ijans ki sanble pa janm fini epi anbake pito nan yon plan rejyonal, paske frekans ak fewosite tanpèt sa yo ekspozè reyalyte ke apwoch kounye a ka pa jistifye."

**Konseye Vil Brookhaven lan, Neil Foley, te deklare,** "Antanke Manm Konsèy ki reprezante kominote Fire Island yo nan Komin Brookhaven, mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou mezi aktif li pou abòde dega ak ewozyon tanpèt la. Investisman nan rezilyans yo ki vize estabilize bò kot Fire Island, enpòtan pou sekirize kominote nou yo kont enpak chanjman klimatik la. Efò sa yo soutni pwojè Estabilizasyon ak Ravitayman bò kot Konte Suffolk nan kominote Fire Island yo."

### **Plan Rezistans global Gouvènè Hochul pou Pwoteje Nouyòkè yo**

Nan kòmansman mwa sa, Gouvènè Hochul [te anonse](#) yon plan rezistans konplè pou pwoteje Nouyòkè yo kont move tan, nan kad pwopozisyon li a sou Sitiyasyon Eta a an 2024 epi li te genyen ladan l 435 milyon dola nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif la pou ede mete anplas inisyativ yo. Gran pwen yo enkli:

- **Kreye Pwogram Rezistan ak Preparasyon** an pou kreye yon fon fleksib pou sipòte efò rezistans pou pwopriyete kay ki gen revni ba ak modere anvan tanpèt alavni yo. Pwogram nan ap pèmèt Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a ede fanmi ki sibi domaj inondasyon yo fè reparasyon ki nesèsè apre tanpèt yo epi l ap kouvri depans pou amelyorasyon pwoaktif pou diminye enpak inondasyon yo.
- **Kreye Pwogram Racha Volontè Blue Buffers** la ak 250 milyon dola ki antre nan Bidjè Egzekitif 2024-25 lan pou ankouraje racha nan kominote ki pi vilnerab a inondasyon. Pwogram nan ap priyorize sansibilizasyon ak edikasyon an premye epi apre sa kòmans idantifye pwojè volontè ki baze sou nivo risk inondasyon, pou asire nou pwoteje kominote ki pi vilnerab nou yo a gwo dlo ak gwo tanpèt.
- **Fè gwo investisman nan repons a katastwòf nan tout eta a** pou mete plis bòt sou tèren an, amelyore fòmasyon ak preparasyon, epi adrese menas k ap evolye yo amezi y ap vini.
- **Mete Ajou Kat Zòn Danje Ewozyon Kotyè (Coastal Erosion Hazard Area, CEHA)**, ki esansyèl pou pwoteksyon plaj, din ak falèz ki kenbe epi ranfòse rezistans kont inondasyon, pou kominote ak moun k ap aplike pou pèmi yo detèmine rapidman si yon pwopriyete twouve l nan yon CEHA.

Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik ke elektè yo apwouve 4.2 milya dola a, ap ede sipòte inisyativ sa yo ak anpil lòt, ki enkli mobilizasyon finansman pou amelyore kalite dlo ak rezistans enfrastrikti. Lwa sou Obligasyon an ap fè avanse nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki vye epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo ak prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan. Pou plis enfòmasyon sou Lwa Obligasyon an, ale nan [www.ny.gov/BondAct](http://www.ny.gov/BondAct).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418